

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Indonésia diwangun ku sababaraha sélér bangsa. Sunda mangrupa salah sahiji selér bangsa anu aya di Indonésia nu miboga kabudayaanana sorangan. Kabudayaan nya éta sagemblengna gagasan jeung karya manusa anu kudu dibiasakeun ku cara diajar (Koentjaraningrat, 1978: 3). Ku kituna, kabudayaan téh mangrupa kabiasaan manusa nu aya dina kahirupan sapopoé jeung alamna.

Kabudayaan ngawengku tujuh unsur budaya sacara *universal* nya éta: 1) basa, 2) sistem pangaweruh, 3) organisasi sosial, 4) sistem teknologi, 5) sistem pakasaban, 6) sistem kepercayaan, jeung 7) sistem kasenian (Koentjaraningrat, 1978:12).

Sacara umum, kasenian bisa ngaraketkeun *solidaritas* hiji masarakat. Kasenian nya éta kompleks tina ide-ide, gagasan, ajén-ajén, norma-norma, jeung papagon tina kompleks aktivitas jeung *tindakan berpola* dina diri manusa di masarakat anu biasana miwujud barang hasil kréativitas manusa dina hiji masarakat{il. <http://carapedia.com>}. Kasenian ogé miboga fungsi pikeun nangtukeun norma, paripolah anu tangtu, sarta neruskeun adat jeung ajén-ajén kabudayaanana, ku kituna kasenian nu mangrupa warisan karuhun kudu dijaga jeung dimumulé. Rupa-rupa kasenian anu aya di masarakat aya opat nya éta : 1) seni sora, 2) seni gerak, 3) seni rupa, jeung 4) kaulinan tradisional, hal ieu saluyu jeung catetan anu kapanggih dina *Kamus Déwan Seni* {il.<http://carapedia.com>}.

Dina hakékatna, kasenian téh aya dina wilayah éstética. Éstetika téh cabang filsafat anu ngabahas ngeunaan kaéndahan. Ukuran kaéndahan kasenian miboga sajarah anu panjang. Aristoteles nyébutkeun yén kasenian anu éndah téh mangrupa wujudiah tina daya cipta manusa anu spesifik (Bakker, 1984: 47). Seni ogé mikabutuh ayana pangajén, lantaran lamun euweuh pangajén, seni téh moal mekar. Pangajén téh mangrupa babandingan antara rarasaan jeung pikiran nu ngabandingkeun bener atawa salah {il. <http://filsafat.kompasiana.com>}.

Manusa Sunda ngawujudkeun rupa-rupa kasenianana dina kasenian rahayat. Urang Garut ngawujudkeun kasenian rahayatna dina seni, diantarana: lais, ngadu domba, SRD, dodombaan, hadro, penca oray, surak ibra, badéng, debus, gésrék, bangklung, cigawiran, pantun beton, jeung macapat. Kiwari kasenian-kasenian éta hirup tapi teu hurip, lantaran masarakat Garut dianggap geus carang nu mikanyahona.

Seni Raja Dogar (satuluyna disingget SRD) salah sahiji kasenian rahayat anu dijadikeun objék dina ieu panalungtikan. Ieu kasenian mangrupa salah sahiji pintonan rahayat anu sarupa jeung kasenian ngadu domba, dina prak-prakanana lain domba asli anu diadukeunana, tapi manusa anu maké kostim domba. Ieu kasenian téh wangun anyar tina tradisi ngadu domba. Sanajan kitu, ieu kasenian geus ngalindih kasenian-kasenian rahayat Garut nu saméméhna. SRD geus kakoncara lantaran jadi maskot kota Garut nya éta domba Garut, anu jadi kareueus masarakat Garut.

Dina ieu kasenian, salian ti ngadu domba pintonan SRD ogé dieuyeuban ku seni séjenna, di antarana seni tari, seni gerak, seni rupa, jeung seni musik. Hal éta gé diaku ku masarakat Garut, sanajan maranéhna teu weruh kana unsur-unsur éstétika naon nu nyampak kana SRD.

SRD saméméhna geus aya nu ngaguar dina wangun karya populér. SRD anu geus diguar medal dina media massa, nya éta ditulis ku:

- 1) Edi Efendi anu judulna “Kesenian Raja Dogar Dari Kecamatan Malangbong Karya Cipta Entis Sutisna” dina *Koran Priyangan* (édition 21 Maret 2005);
- 2) DD (Sandiasma) anu judulna “Raja Dogar jadi Kesenian Unggulan Kabupaten Garut” dina *Kompas Indonesia* (édition 18-25 Juli 2009);
- 3) *Radar Garut* anu judulna “Raja Dogar Siap Tampil di Istana Negara” (édition 8 Agustus 2009);
- 4) *Tribun Jabar* anu judulna “Dua Domba Raksasa akan Bertarung di Istana Negara” (édition 12 Agustus 2009);
- 5) AM (Sandiasma) anu judulna “Raja Dogar jadi Kesenian Unggulan Kabupaten Garut” dina *Koran Tekad* (édition 20 Agustus 2009);

Marlina Efendi , 2013

Ajen estetika dina seni raja dogar di kacamatan cibatu kabupaten garut pikeun bahan pangajaran maca kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 6) Ridwan anu judulna “Seniman Garut Kutuk Pemerintah Malaysia” dina *Siasat Kota* (édisi 7-21 Oktober 2009);
- 7) Ridwan anu judulna “Setelah di Istana, Raja Dogar Kini Siap Tampil di Acara Kemilau Nusantara” dina *Siasat Kota* (édisi 7-21 Oktober 2009);
- 8) Simson/Harold anu judulna “Raja Dogar Siap Ramaikan Hari Pahlawan” dina *Siasat Kota* (édisi 21 Oktober – 4 November 2009);
- 9) DD (Sandiasma) anu judulna “Raja Dogar Siap Ramaikan Hari Pahlawan” dina *Siasat Kota* (édisi 17 – 24 Oktober 2009);
- 10) *Pikiran Rakyat* anu judulna “Raja Dogar” (édisi 3 Agustus 2009);
- 11) Pepen Ependi anu judulna “Tampilkan SRD sebelum Pentas di Istana Negara” (tan titimangsa).

Tina béréndélan di luhur katitén tacan aya nu nalungtik SRD jadi karya ilmiah. Perkara ajén éstétika dina wangu tulisan ilmiah skripsi kapanggih dua judul anu ditulis ku:

- 1) Dini Novianti Cahyati (2009) “Unsur Éstétis dina Kasenian Celempung “Sinata Grup” anu aya di Désa Cibeusi Kacamatan Ciater Kabupatén Subang” Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni, UPI Bandung.
- 2) Eka Purwanti (2011) “Ajén Éstétis dina Kasenian Sisingaan di Kabupatén Subang” Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni, UPI Bandung,

Tétéla perkara éstétika dina SRD can aya nu nulis sacara ilmiah, komo dipatalikeun jeung bahan pangajaran mah tacan aya nu nalungtik. Hal éta nu jadi alesan perluna ngayakeun panalungtikan. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan “Ajén Èstétika dina Seni Raja Dogar di Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut pikeun Bahan Pangajaran Maca Kelas XII” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Pedaran ngeunaan kasenian di tatar Sunda téh lega pisan ambahana ti mimiti ajén falsafah, ajén éstétika, ajén moral, ajén agama, jeung ajén atikan. Sangkan puguh pedaranana tur teu jembar teuing ambahana, ieu panalungtikan diwatesanan ku nalungtik perkara ngeunaan ajén éstétika anu nyangkaruk dina SRD pikeun bahan pangajaran maca kelas XII.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, ieu panalungtikan dirumuskeun jadi patalékan, nya éta:

- 1) Kumaha sajarah kamekaran SRD di Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut?
- 2) Kumaha prak-prakanana SRD di Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut?
- 3) Naon waé pungsi SRD di Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut?
- 4) Naon waé ajén éstétika anu nyangkaruk dina SRD di Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut?
- 5) Kumaha matalikeun ajén éstétika anu nyangkaruk dina SRD pikeun pangajaran maca kelas XII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan ieu panalungtikan pikeun ngawanohkeun SRD ka sélér Sunda hususna nonoman-nonoman Garut. Dipiharep nonoman-nonoman Garut miboga rasa reueus kana kabudayaan lokalna, lantaran lamun wanoh kana budaya sorangan tangtu bakal tumuwuh hayang ngamumulé éta kasenian. Salian ti éta ieu panalungtikan bakal ngeuyeuban bahan pangajaran maca bahasan kasenian kelas XII.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan mibanda tujuan husus nya éta ngadéskripsikeun:

- 1) Sajarah kamekaran SRD di Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut;
- 2) Prak-prakanana SRD di Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut;
- 3) Naon waé pungsi SRD Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut;
- 4) Ajén éstétika anu nyampak dina SRD; jeung
- 5) Bahan pangajaran maca kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun: 1) ngajembaran pangaweruh ngeunaan SRD anu aya di Kp. Loji, Désa Kérésék Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut sangkan nonoman-nonoman Sunda reueus kana kasenian lokal. 2) bahan pangajaran maca pikeun siswa kelas XII, sarta 3) nambah pangaweruh ngeunaan kabudayaan nu hirup di Tatar Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta ngawujudkeun bahan pangajaran maca bahasan kasenian pikeun dilarapkeun di kelas XII.

1.5 Sistematika Panalungtikan

BAB I : Bubuka ngabahas ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, watesan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan. Dina ieu bab eusina ngeunaan konteks tina masalah anu baris ditalungtik.

BAB II : Kajian Teori

BAB III: Métodelogi panalungtikan medar ngeunaan métode jeung téknik panalungtikan, tékni ngolah data, instrument panalungtikan, desain panalungtikan , sumber data, jeung wangenan operasional.

BAB IV : Analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan

BAB V : Kacindekan jeung saran